



Repiblik Ayiti

AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



Mesaj espesyal Akademi Kreyòl Ayisyen

Nan okazyon selebrasyon

Jounen entènasyonal lang manman

Tèm : « *Lang manman se zouti devlopman lespri timoun* »

21 fevriye 2021



Repiblik Ayiti

AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



21 fevriye 2021 sa a fè 21 lane depi anpil peyi sou latè ap selebre Jounen entènasyonal lang manman anba inisyativ UNESCO. Selebrasyon sa a, se toujou lokazyon pou Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA), rapousuiv misyon li nan ede popilasyon an ak otorite peyi a louvri je yo sou sityasyon lengwistik n ap viv nan sosyete a. Apre 34 ane depi Konstitisyon peyi a konsakre lang kreyòl - ki se lang manman nou – kòm lang ofisyèl, popilasyon an toujou ap viv yon sityasyon miwo miba nan fason Administrasyon peyi a pratike lang lan nan sosyete a.

Lang kreyòl se lang pèp ayisyen pratike nan sosyete a an jeneral, men lekòl ak enstitisyon peyi a poko aliye yo vre pou lang kreyòl ayisyen sèvi yo kòm sadwa, dekwa pou li tounen lang ansèyman ak aprantisaj nan sistèm edikasyon peyi a, epi paweze toupatou nan kominikasyon administratif ak kominikasyon ofisyèl.

Depi ane pase, Akademi Kreyòl Ayisyen ap attire atansyon popilasyon an ak otorite yo nan sistèm Edikasyon nou an sou nesite pou timoun lekòl yo aprann nan lang manman yo; se pou sa li envite tout moun pou yo respekte dwa timoun yo, respekte lang manman yo. Timoun lekòl yo pa jwenn espas pou yo devlope kapasite yo genyen pou yo aprann, Se pou tèt sa pou ane 2021 an, Akademi Kreyòl Ayisyen ap sansibilize popilasyon an sou kesyon devlopman lespri timoun yo pou pèmèt yo aprann ak konprann. Konsa, tèm ane 2021 an se « **Lang manman se zouti devlopman lespri timon** ».

Akademi Kreyòl Ayisyen ap salye tout enstitisyon, tout aktè, kreyatè, ki kontinye pote kole nan batay pou yo respekte dwa lengwistik tout Ayisyen an jeneral, ak dwa timoun yo an patikilye. Pou AKA, menm jan pou UNESCO, lang manman se gwo zouti pou devlopman lespri timoun yo. AKA rekonèt gen anpil jefò ki fèt nan kèk enstitisyon pou kreyòl sèvi kòm lang nan ansèyman ak aprantisaj, men tou AKA kwè rete gwo jefò ki pou fèt pou pwogrè tout timoun yo nan lang yo. Lasyans montre gen bon jan relasyon ant aprantisaj ak lang aprantisaj la. Nan sans sa a, sosyete a dwe louvri je li pou timoun yo resevwa edikasyon nan lang manman yo. Se yon travay kolektif ki egzije bon jan kolaborasyon ak tout sektè sosyete a. Jiskounye a, gen lekòl k ap bay elèv pinisyon poutèt yo pale Kreyòl nan klas ; se yon atitud ki pa mache ak devlopman ni pèsonalite ni entelijans timoun.

Pou nou pran wout pwogrè ak devlopman vre, se pou nou dakò pou nou mete lang kreyòl la, ki se lang manman nou, nan vrè plas li nan sistèm edikasyon an, nan Administrasyon peyi a ak nan twa (3) pouwa Leta yo.



Repiblik Ayiti

AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



Konsa Akademi Kreyòl Ayisyen envite tout popilasyon an reflechi sou tèm li chwazi nan okazyon Jounen entènasyonal lang manman 2021 an ki se : **Lang manman se zouti devlopman lespri timoun**. Tèm sa a envite tout moun konprann nesosite pou yo reklame respè dwa lengwistik timoun yo pou nou ka devlope kapital Moun nan sosyete a pou enstriksyon pa rete nan nivo « jako repèt ». Edikasyon la pou li pèmèt moun adapte lakonesans ak bezwen li, pou pèmèt li amelyore anviwonman li epi devlope byennèt nan sosyete a. Pou sa, lakonesans pa ka rete senpman yon seri mo san sans sou papye, lakonesans dwe ateri nan lang ki ba li tout sans li nan aprantisaj timoun yo.

AKA ap pwofite remèsye epi ankouraje tout enstitisyon ki angaje nan lit pou lang kreyòl la rive jwe wòl li kòm lang ofisyèl peyi a : Ministè Kilti, Sekreteri Leta Alfabetizasyon, Sekreteri Leta pou Entegrasyon Moun andikape, Direksyon Jeneral Pwoteksyon Sivil, Jounal Bon Nouvèl, SAKS, Inivèsite Leta, Inivèsite prive, tankou Inivèsite piblik yo ak tout lòt enstitisyon an Ayiti tankou aletranje ki toujou kanpe pou defann dwa lengwistik Ayisyen.

Pandan Akademi Kreyòl Ayisyen ap fè tout moun sonje Lang manman se zouti devlopman lespri timoun, li ap raple yo tou lang manman nou se lang ki transmèt kilti nou, valè nou ak konesans tradisyonèl nou kòm pèp. Lang manman nou dwe ede nou konstwi sosyete nou kòm sitwayen yon menm peyi.

Viv lang kreyòl, lang manman nou !